



**BEZWEN PLIS
ENFÒMASYON?
VIN NAN SIPPE!**



Kontak CLSC ou oswa rele 811. Ou kapab vizite tou sante.gouv.qc.ca/en/repertoire-ressources pou jwenn CLSC ki pi pre lakay ou an.

JWE WÒL PARAN PA TOUJOU FASIL...

**SANTI W PA
KAPAB ANKÒ?**



SIPPE KA EDE

Centre intégré
universitaire de santé
et de services sociaux
du Centre-Sud-
de-l'île-de-Montréal

Québec 

Québec 

Pwogram SIPPE

Nou tout vle sa ki bon pou pitit nou, men jwe wòl paran pa toujou fasil. SIPPE (Sèvis Entegre Perinatal ak pou Timoun Piti) se yon pwogram ki kapab ba ou sipò ou bezwen pandan gwosès, ak ni lè bebe w fèt jiskaskè li kòmanse al lekòl

Si ou se yon **manman ki pat fini fè klas segondè li** oswa **yon pwogram fòmasyon pwofesyonèl** epi ou gen **strès finansye**, gen sèvis ki disponib pou ou ak fanmi w:



Sipò Pèsonalize

Sipò ki adapte ak bezwen w: lekòl, travay, lojman, asistans sosyal



Ide enspiran

Aktivite Paran ak timoun ki fet nan lide pou motive timoun yo



Enfòmasyon itil

Enfòmasyon sou sante, relasyon koup, devlopman timoun ak lavi antan ke paran



Rankont anrichisan

Rankont gwoup ak lòt paran kote ou ka diskite, fè echanj ak pataj

Bezwen sèvis sa yo?

Rele CLSC w lan kounya epi jwenn bon konsèy nan men pwofesyonèl sante ak sèvis sosyal yo. Yo la pou ede. Premye etap lan se ap pou vin lakay ou pou pale avè w sou èd w ap bezwen pou ou ka kè kalm pandan gwosès ou an.

Pwogram lan adapte ak bezwen fanmi w, epi se yon ekip pwofesyonèl nan CLSC lokal ou ki ofri l: enfimye, travayè sosyal, nitrisyonis, sikoedikatè, elatriye.

Èske sa nòmal?



Kiyès ki ka ede?

Kotemwenkajwenn enfòmasyon?



Èske mwen ka jwennyonkonsèy?